

## RINGKESAN

Indriawati. 2017. **Pamakéan Media Pangajaran Basis MIVI Pikeun Ningkatkeun Kamampuh Kognitif Siswa Dina Matéri Sistim Paredaran Darah Manusa**. Pembimbing 1 H. Dadi Setia Adi, M. Sc., Ph. D. jeung Pembimbing 2 Dra. Hj. Lilis Suhaerah, M.Kes.

Ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngaguar pamakéan média pangajaran basis MIVI (*Multimedia Interktif Visual*). Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ningkatkeun kamampuh kognitif siswa ku cara ngagunakeun média pangajaran *basis MIVI* dina matéri sistim paredaran darah manusa. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dumasar kurangna kamampuh kognitif siswa kelas XI IPA di SMA Taman Siswa Rancaékék dina matéri *sistim peredaran darah manusa*, anu ngalantarankeun kurangna pamakéan média di jero kelas. Ku kituna loba siswa anu teu ngahontal kana karengsean minimum dina ranah kognitif, kirang interaktif, jenuh, jeung hésé maham kana matéri. Métoeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pra eksperimental*. Desain panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta *One-Group Pretest-Posttest Design*. Subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI IPA 1 anu ditangtukeun ku téhnik *purposive sampling*. Instrumén anu digunakeun mangrupa 20 soal pilihan ganda, anu mibanda hasil; nilai rata-rata *pretest* nya éta 49,94 sarta rata-rata *posttest* nya éta 82,65. Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan *pretest* jeung *posttest* panalungtik neruskeun ku uji Z, sarta dibeunangkeun hasil; panalungtikan ditarima jeung kapaluruh hasil nu *signifikan*, sabab  $z$  itung  $>$   $z$  tabél sajumlah 4,19  $>$  1,7. Hasil ngolah data nembongkeun yen hipotesis  $H_0$  teu ditarima, ku kituna média anu dipaké bisa ditarima, sabab ieu panalungtikan bisa ningkatkeun kamampuh siswa saméméh ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun média pangajaran basis MIVI ku cara méré nilai ka siswa dina pangajaran anu ngagunakeun média pangajaran basis MIVI.

**Kecapgaleuh: Kamampuh Kognitif, MIVI, Sistim Peredaran Darah Manusa.**